ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№20 (21.428) ● 2009 гъэм мазаем (февралым) и 3, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал кулыкъущІапІэхэм

Сом мелуан 420-кІэ мэгугъэ

Хъэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ защІэгъэзекІуэным трагъэкІуэдэн папщІэ КъэбзэрдэІ-Балъкъэр Республикэр 2009 гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 336-рэ кьыхэуатІыпщыну щоГугъ. Абы тепсэлъыхьащ тхьэмахуэ кІуам КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министр Набиуллинэ Эльвирэ щыхуэзам.

МОСКВА щекІуэкІа а зэІуцІэм Къанокъуэ Арсенрэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алийрэ и гугъу щащІащ хъэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ защІэгъэкъуэнымкІэ программэр республикэм зэрыщагъэзащІэм, кризисым пэщІэтынымкІэ, дуней псом финанс Іуэхухэр зэрыщІэзэІыхьам и зэрянышхуэ щыналъэм и экономикэм кьыжьэхэмыгъэуным хуэунэтІауэ УФ-м и субъектхэм я деж щрагъэкІуэкІ зэпеуэм зэрыхэтыным зэрызыхунГэхьэзыырыр. А зэпеуэм кьигъэуфІуэху мынымрэ курытымрэ защІэгъэкъуэнымкІэ программэр республикэм зэрыщагъэзащІэм, кризисым пэщІэтынымкІэ, дуней псом финанс Іуэхухэр зэрыщІэзэІыхьам и зэрянышхуэ щыналъэм и экономикэм кьыжьэхэмыгъэуным хуэунэтІауэ УФ-м и субъектхэм я деж щрагъэкІуэкІ зэпеуэм зэрыхэтын

Къэрал кІэуцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и коллегием и зэІуІэ идыкьалъэ екІуэкІащ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэныгъэмкіэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Абаз Руслан,** КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІ **Мер Юрий,** КъБР-м и прокурор **Жариков Олег,** Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Сердюк Владимир,** УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и къудамэу Налшык щыІэм и унафэщІ**ШІуэхэпсо Заурбий,** республикэм и хабзэхъумэ органхэм я лІыкІэхэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ генерал-майор **Томчак Юрий** къыщыпсалъэм, гупыкІэ хуищІащ щІэпхъаджагъэхэр сэтей къэщІыным ижь зэхэгъэкІыным, Іулъхьэшхэм, зэщІэгъэзыІуаеу ялэжь щІэпхъаджагъэхэм, хабзэр кьыззпемыгъэудыным зэрыпыкъэкІ лэжьыгъэ егъэкІуэкІыным, гъуэгу щынагъуэншагъэр кьыззгъэпэщыным, кадр гъэжьыгъэр егъэфІэкІуэным, изгъэущІэным.

Министрым кьыззрыхигъэщамкіэ, республикэм щІэпхъаджагъэу щащІэм и лъэныкъуэкІэ зихъуэжу хуежьащ: процент 18,5-кІэ нэхъ мащІэ хуащ щІэпхъаджагъэр ятхар, щІэпхъаджагъэ хьэлэ зэр - процентэ 9,6-кІэ, укІыгьэмрэ ящкІыи мурадкІэ щыхум гъэзенымрэ - процент 18,6-кІэ, лей екьынымр процент - 15-кІэ, терорист нэщэнэ зыхэль щІэпхъаджагъэхэр процент - 70,6-кІэ, Іэщэ къагъэсэбэпу ялэжьхэр - процент 20,4-кІэ, Іуэхум теуІунымр процент - 18,4-кІэ, хьэщІэныр - процент 12,3-кІэ. Процент 20-м щигьэкІэ ехъэхащ балигъ мыхьуахэм къаГэхьэу щІэпхъаджагъэр, апхуэдэуи щІыхь зэхуэсыпІэхэм щалэжьхэр.

●Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и коллегием

Къулыкъумрэ щхьэхуещагъэмрэ

2008 гъэм Іуэхугъуэ хэхахэр ирагъэкІуэкІащ икІи абы и фІыгъэкІэ щІэпхъаджащІэ гупхэм я пашэхэм диверсиетерроризм хъуэхущагъэ инхэр егъэкІуэкІыным теуХуа я гуращэхэр кьыззпаудащ.

Бгъэла ильэсым щІэпхъаджащІэхэм я Іэщ Іэуэдащ щІыхь мащІэм ящІыІ 2-рэ милиард и лэжьыгъэу 13-рэ. Томчак Юрий кьыхилъхьэри, абыхэм зы даныкъэкІэяхущІыгъащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІ «Іэщэ» лэжьыгъэм и гугъу щищІым, министрым кьигъэлъэгуащ пщІэ пжІуэу Іэщэ 233-рэ, гранатэ 31-рэ, Іэщэ Іэмэпсымэу 3184-рэ щІыхэм кьыззрыгъэхар. А псоми хуэзащ сом мелуанэм нэс.

Къэрал, хабзэхьэмэ органхэм ящІыгъуу жьыгагъуэ хабзэмрэ щынагъуэншагъэмрэ кьыщІэзгъэгъэпэщащ УФ-м и Президент хэхьыныгъэхэр, щІыхьэхэм щахматымкІэ я дунейпсо чемпионатыр щекІуэкІым, апхуэдэуи мыхьэнэ зиІэ щІыгъуэу Іуэхуэ 3732-м.

Томчак Юрий республикэм и Президентым, Парламентымрэ Правительствэмрэ фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м щыІэ МВД-м «КъБР-м хабзэр кьыщІэпемыгъэудынымкІэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьыпхъэхэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ кьыщІэзгъэпэщыныр» 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьыпхъэхэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьулыкъур щхьэхуещагъкІэ кьыщагъэсэбэпныр кьыщІэзгъэпэщыдымкІэ 2008 - 2010 гъэхэм я лжьыпхъэхэр» республикэ программэхэр кьэщтэнымкІэ кьыхилъхьа жэрдэмыркьыззрыдащІыгъам папщІэ.

А псоми кьадэкІуэу, министрым кьыхигъэщащ щытыкІэр гугъуу кьызэрыгъэжьи. ЯщІэу щІыхум удын хьэлъэ ирадзауэ, мылъку кьытехьыным теуХуауэ ятха щІэпхъаджагъэхэр нэхъыбэ хьуащ, хэщІыркьым нэхъапэм суд дытращІыхьахэмрэ чэфэхэмрэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм.

ЩытыкІэр зэщІэзыгъапльэ Іуэхугъуэу кьонэж экстремист щхэрыплажьхэхэм зэрахьэхэр.

Экстремист, терроризм щІэпхъаджагъэ зэралажьхам кьыхэкІыу, КъБР-м щыІэ МВД-м и кьелъыхьэу щыху 36-рэ, абы хэм ящыщу 13-р дунейпсом, 23-р - кьызэрыкІащ кьыщалъыхьэ. КьаГэрыхьэ хьыбархэм тещІыхьэм, бандэ гупым хэтхэмрэ абыхэм я пашэхэмрэ я гурыль Іейхэм пыкІакъым икІи щыІэщ абыхэм мылькукІэ закьыщІэзыгъакьуэ. Абы кьыхэкІыу 2009 гъэм егугъуи хуейщ жылагъуэм, псом хэмыдэу щалэгъуалэм, экстремизм гупсысэр хапщэным ебэныным, хэрал властым, щІыпІэ самоуправленэм я органхэм, жылагъуэ организацэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ, егъэджэныгъэ Іуэхущапльэхэм нэхъ жыдэжьу ядэлэжьынымкІэ. ЕгъэфІэкІуэн хуейщ республикэм и экономикэ щынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыныр, мэз, пхьэхэкІым елэжь промышленностым, агропромышленнэ, гьэсэнныпхъэ-энергетикэ, хъуэныгъэ, транспорт ІэнатІэхэм хабзэр кьыщызэпамыдыным гулыІтэ хэха хуэщІыным. Нэхъри зэщІэгъэзэуІуэн хуейщ гъэщІагъэкІэ зыІэрагъэхьа ахьшэмрэ мылькум - рэ хабзэм кьрагъэззгъэным ебэныныкІэ гъжьыгъэр.

Дуней псом экономикэ щытыкІэ гугъу щыщыІэ мы лъэхъэнэм гулытэ хэха хуэщІыпхьэщ ар кьагъэсэбэпу ялэжь щэпхъаджагъэхэр кьыщІэгъэщыным.

КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** кьызэхуэсахэм защІхуигъаэзм кьыхигъащащ блэкІа 2008 гъэр кьэрал Іуэхущапі я псоми я дежкІэ, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органэрэ хэту, кьызэрымыкІуэу зэрыщытар. Арщхьэкіэ, зэгъэзэІуаеу кьарукІэ политикэ, экономикэ, социальнэ гугъуехьхэр кьызэранэкІри, республикэм жылагъуэ-политикэ щынагъэншагъэр кьыщызэрагъэпэщащ, щІэпхъаджагъэ кьэмыхъуным я нэІэ трагъэтащ.

А псоми кьадэкІуэу, кьигъэпльагъащ Кьанокъуэ Арсен, республикэм щатха щІэпхъаджагъэхэм ящыщу ещанэр щІэпхъаджагъэ хьэлъэу, хьэлъэ дыдэу кьалытэ. Мылькуэзыбгъэдэпльэм я хуитныныгъэхэр хьумэным пыщІа гугъуехьхэр щыІэщ. ЩІэпхъаджагъэу ялэжьым я нэхъыбэр мылькум хуГэзэщ.

Республикэм иджырыи щыІэщ лъэпкъ эпэщІэуэвныгъэм хуэлажьэ организацэхэр, политикэ, экономикэ Іуэхугъуэхэр зэфІэхыным льэпкъ зэныкъэкъуэхэр кьыщагъэсэбэпныр аехр хущІокъу. Экстремизмэм зэхэту сом меларди 2,1 - рэ мэхъу. 2009 гъэм щІыхуэу сом меларди 2,5-рэ ттыну ди гугъэщ, ди Іуэхуэхэр емыфІакІуэмэ, нэхъ Іей дымыкьэІуэу, нобэ щыгъуэм льагапІэм дыкьыщІехьи щхьэусыгъуэ щымыІэну кьыщолытэ. Республикэм и закъуэ мыхъуу, ЮФО-м и банюкэм дахуэ збгъадэу щытмэ, Іпщэ щІынальэм и пэрыт ахьшэ хьумапІэхэм дащыщІ, нэхьыфІ дыдэу плІым дыхьеБыдэ. Дунейпсо кризисым зэрыщІидзэрэ, ди Іуэхуэхэр зэІыхьаеу Іэнуныкьым. Нэхьыщхьэращи, зыкІи дыкьнафэтакьым, - жиІащ Урысбий Хьэмидбий.

- Ди мурадхэри, дызыпэпльэхэри фІыщ, ауэ дуней псор зэщІэзыбда кризисым Іэмал кьуитыкьым бланкым и кьэкІуэнум щэщІауэ утепсэтхьахьыну. А кризисым игъэуІэну кьаухьыкьэр ар щІуэхынкІэ хьунмрэ кьыпхуэхутэнукьым. Дызыдэлажьэхэр сэ кьызэрызгъэгугъэфынуращи, зэрызыкьеІуэу, ди Іуэхуэр нэхьыкІэ зэрымыхъунум дыпльпынымкІ. Дунейпсо экономикэмрэ финансымрэ зауэзэщІыжьынэр зэльытар зэманращи, а зэманыр щІэнэщэу дымыфІэнэщІэуду дылъжьэнэщ. Іей дымыкьэІуэу, нобэ щагъуэм ди банкым екьэлІауэ сыт хуэдэ упщІэ кьаІылькьуэмыкІами, жэуап пыхьыкІа яГьуэтынущ, я мылькум теуХуауэ ченджэщкІэ кьытухьэкьынымэ дыдэ Іэпкьыбгъэзырщ, - жиІащ абы.

Ди газетеджэхэр щыгъуаэз фыдощІ: дунейпсо кризисым, ахьшэ хьуманІэхэм я лжьыгъэм теуХуауэ упщІэ фиІэу щытмэ, фыкьатэхэ хьунущ, жэуапыр ди гаэетым и напэкІуэцІкІэм щывгъуэтыгнущ.

БЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сурэтыр гезекІар **КЪАРЕЙ Элинэ.**

«Хэхьныгъэхэр сабийхэм я нэкІэ» Іуэхум теуХуауэ сабийхэм ящІа сурэт нэхъыфІхэр кьыхэхьныныкІэ республикэ зэпеуэм хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Художникхэм я союзым и Унафэ

2009 гъэм щІышылэм и 22-м *Налшык къалэ* *№40/2-11*

ХэхакІуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщІыкІым хэгъэхъуэныныкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхьныгъэхэмрэ референдумхэмрэ кьыщызэгъэпэщІхэр егъэджэныкІэ 2009 гъэм зэхьэзыгъэхэмрэ я Планым ипкъ иткІэ икІи Урысей Федерацэм и хэхьныгъэ системэм теуХуа пщІэдэу щІэныгъэ сабийхэм егъэгъуэтын, гъащІэм хуэжьдэкъуу, граждан зэхэщІыкІ яІэу гъэсэн, дунейм щекІуэкІхэр зэпкърахьуу, политикэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ гъащІэмрэ щыщамыдэкІ кьэгъэгъэдэжьн икІи зэпеуэм щытекІуэхэм хуагъэфэща саугъэтхэр гуфІэгъэуэ зэхьхьэм щетыжьи.

4. Сабийхэм ящІа сурэту зэпеуэм кьагъэхьахэм ящыщу нэхъыфІхэр зэрыт альбом-буклет кьыдэгъэкІри.

5. Зэпеуэм егъэкІуэкІыным текІуэдзнир кьыхэхьан хэхакІуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщІыкІым кьэІэтыным, хэхьныгъэмрэ референдумхэмрэ кьыззгъэпэщІхэр егъэджеиным пыщІа Іуэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм хунутІыпщ ахьшэм.

6. Мы унафэр щІыхуб хъыбарегъащІэ Іуэхущапі эхэм къытедэжи икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьан.

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэщ
ТУПИКИН АНДРЕЙ

КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министр
ФЫРЭ Руслан

КъБР-м и Художникхэм я союзым и тхьэмадэ
МАРГЪУЩ Анатолий

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм, КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Художникхэм я союзым 2009 гъэм щІышылэм и 22-м зэщІыкъуу кьыдагъэжа унафэ №40/2-11-м и гуэдэн №1

«Хэхьныгъэхэр сабийхэм я нэкІэ» сабий сурэтхэм я республикэ зэпеуэм теуХуа

Положенэ

1. Псори кьызэщІэзыубыдэ Іуэху нэхьыщхьэхэр

1.1. «Хэхьныгъэхэр сабийхэм я нэкІэ» Іуэхум теуХуауэ сабийхэм ящІа сурэт нэхьыфІхэр кьыхэхьныныкІэ зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт щколхэмрэ художественнэ щколхэмрэ я еджакІуэхэм я деж щарагъэкІуэкІ Урысей Федерацэм и хэхьныгъэ системэм теуХуа пщІэдэу щІэныгъэ сабийхэм егъэгъуэтын, гъащІэм хуэжьдэкъуу, граждан зэхэщІыкІ яІэу гъэсэн, дунейм щекІуэкІхэр зэпкърахьуу, политикэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ гъащІэмрэ щыщамыдэкІ зэщІэзыгъэзэуІуэн гуп щхьэхуэу гуэшауэ ильэси 7 - 10 зи ныбжьхэмрэ ильэс 11 - 14 зи ныбжьхэмрэ я деж щарагъэкІуэкІ.

1.2. Зэпеуэм 2009 гъэм и щІышылэ-накьыгъэ мазэхэм зэщІагъуэу щарагъэкІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Художникхэм я союзым и Унафэщ.

1.3. Зэпеуэр егъэкІуэкІыным пыщІа кьызэгъэпэщыныгъэ-методикэ Іуэхуэхэр я пщэ дэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сабий художественнэ щколым.

1.4. Зэпеуэр ІыхьитІу гуэшауэ йокІуэкІ.

1.5. Ягъэ Іыхьэм хиубыдэу зэпеуэм хэтхэм я лэжьыгъэхэр 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м нэсыху ират щІынальэ хэхакІуэ комиссэмрэ щэнхабзэмкІэ органхэмрэ я лІыкІуэу щІыхуэ 3 - 5 зэту дэтхэнэ муниципальнэ районми кьалэ округми кьыщызэрагъэпэщ комиссэм.

Зэпеуэм лжьыгъэ нэхьыфІхэр кьыхехри ахьр 2009 гъэм накьыгъэм и 10-м фІымкІыу КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм сэхэль мы адресымкІэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27, КъБР-м и Правительствэм и Унэ.

2. Зэпеуэм хэтхэм хуагъэувэкІ

2.1. Лжьыгъэр А-3 формэтым нэхьрэ мынэхь цыкІу тхьылъымпІэм ищІыхьауэ, абы и Іуплъапі эмкІэ суротыр зыщІам и уІэщІэр, и щІэр, и адэщІэр, зыщІалъхуа гъэр, къыщалъхуа щІыпІэр, зыщІэс еджапІэм зэреджэр кьыщыгъэлъэгъуауэ щытын хуейщ.

2.2. Апхуэдэ мардэхэм кьыриубыдэу ямыщІа лжьыгъэхэм кьэзэрыкъым.

2.3. Зэпеуэм кьагъэхьа лжьыгъэхэр аехр зейхэм хуагъэхьажьыркъым.

3. Зэпеуэм кьрикІуэхэр кьызэращщытэж щІыкІэр

3.1. Зэпеуэм кьрикІуэхэр кьапщытэжьи папщІэ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм, КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Художникхэм я союзым хъыфІэхэр кьыхэхьныныкІэ республикэ зэпеуэм теуХуа Положенэмрэ (гуэдэн №1) зэпеуэм кьрикІуэхэр кьэпщытэжьныныкІэ кьызэгъэпэщащІэ комитетым хэтхэмрэ (гуэдэн №2).

3. «Хэхьныгъэхэр сабийхэм я нэкІэ» Іуэхум теуХуауэ сабийхэм ящІа сурэтхэр гъэльэгъуэныр кьызэгъэпэщын икІи зэпеуэм щытекІуэхэм хуагъэфэща саугъэтхэр гуфІэгъэуэ зэхьхьэм щетыжьи.

4. Сабийхэм ящІа сурэту зэпеуэм кьагъэхьахэм ящыщу нэхьыфІхэр зэрыт альбом-буклет кьыдэгъэкІри.

5. Зэпеуэм егъэкІуэкІыным текІуэдзнир кьыхэхьан хэхакІуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщІыкІым кьэІэтыным, хэхьныгъэмрэ референдумхэмрэ кьыззгъэпэщІхэр егъэджеиным пыщІа Іуэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм хунутІыпщ ахьшэм.

6. Мы унафэр щІыхуб хъыбарегъащІэ Іуэхущапі эхэм къытедэжи икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьан.

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм, КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Художникхэм я союзым 2009 гъэм щІышылэм и 22-м зэщІыкъуу кьыдагъэжа унафэ №40/2-11-м и гуэдэн №1

●Фи лъэІукІэ

Уасэхэм теуХуауэ

Иужьрей махуэхэм щыІу кьэдгъэкІыжьа ди редакцэм, коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэм щІэупщІэу. Абыхэм я лъэІукІэ, дэ иджыри зэ кьытыдогъэзэж а Іуэхум.

ЭЛЕКТРОКЪАРУМРЭ гаэымрэ я уасэр мыпхуэдэщ: электроэнергиемкІэ я блэдкІэхэм зы килловатым хуэзэу сомитф 2-рэ кІэпІейкІэ 15-рэ щІатынущ, кьуажьдэсхэм зы сомрэ кІэпІейкІэ 94-рэ. электроэнергиемкІэ фІэкІа щыкІэ лажьэ зэпэ зэтетхэм щыпсэу унагъуэхэм абы щІатынущ зы сомрэ кІэпІейкІэ 51-рэ.

Газэр мы гъэм и ятІонэрэ мазищым кьриубыдэу зы кубометр кьэс и уасэзэщ сомитф 2-рэ кІэпІейкІэ 18-рэ. А бжьыгъэм 2009 гъэм кьриубыдэу мазищ кьэс зы хьэхуэнчуэ: мэлыжьыхьым, накьыгъэм, мэкъуаэгъуэм - сомитф 2-рэ кІэпІейкІэ 30-рэ, бадзэуэгъэу, щыщхьэІу, фокІадэ мазэхэм - сомитф 2-рэ кІэпІейкІэ 42-рэ, жэпуэгъуэм, щэкІуэгъэуэм, дыгъэгъазэм - сомитф 2-рэ кІэпІейкІэ 54-рэ щІэзыщІ.

Хуабэм и уасэр процент 16-19-кІэ хагъэхьэуэну хуит ящІащ. Апхуэдэу Іуэху бгъэдыхьэкІэр кьыхокІ республикэм и районхэр, кьалэхэр псырэ хуабэкІэ кьызэрэпэщыным зэхуэдэу хьэшэ зэрыщытемыкІыуадэм. Псалъэм папщІэ, Налшык и унэхэр зэрагъэпльэ хуабэм и зы гикокалорийм пэкІуэ уасэр 2009 гъэм сом 978,3-м щІрагъэгъ мыхъуну уасэгъуэващ. ЗэкІэ къалэ администрацэм абы хуигъэувэ уасэр сом 905,47-рэ хъуэ аращ (фэтэрым и метр зэбгъэзатІэ кьэс сомитф 10-рэ кІэпІейкІэ 87-рэ и уасэу). Апхуэдэу щыщІткІэ, Налшык и къалэ администрацэр хуитщ мы гъэм кьриубыдэу зы гикокалорийм и уасэр иджыри сом 72,83-кІэ хигъэхьэуну.

А щхьэусыгъуэ дыдэхэм кьыхэкІыу, республикэм и районхэм, кьалэхэм псы уасэу щызэкІуэри мащІэу щызэщхьэщокІ. Псалъэм папщІэ, нальчикдэсхэм нэгъабэ псыми канализацэми зы уасэщ щІатар: зы кубым сомитф 5-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ. Иджы псыми - сомитф 6,64-м, канализацэм - сомитф 6,56-м нэсхэуащ.

Бжьамийхэм счетчик темытмэ, унагъуэм щыпсэу зы цыкІу кьэс махуэм псыр зэгъэкІуэщІыжьи и бжьгъэр Іэмал зэхуэмыдэхэмкІэ кьабж псы кьыдэзыт Іуэхущапі эхэм. Псалъэм папщІэ, унагъуэм колонкэмкІэ псыр щагъэхуэбэжмэ, зы цыкІум псы щІыІэу литр 250-рэ (зы мазэм - куби 7,6-рэ) кьигъэсэбэну хуагъаз. Дауи, махуэ кьэс гъэпІ литр 250-рэ кьэзыгъэсэбэныр цыкІу куэд кьалэ фэтэрхэм щыпсэурэ. Ауэ, счетчикхэр бжьамийхэм тебгъэувэныр лъапІэщи (нэхъ мащІэ дыдэу зым сом 1400 хуэдиз хуоз), цыкІухэм ят адэ-мыдэкІэ кьыщыпхуидурэ уэрамыщхьэм кьытельадэ псым и уасэри.

ГЪУЩІО Зариф.

Щыщыдэм и 28-м Урысейм и Сбербанкым КъБР-м щиІэ и кьудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий пресс-конференц итащ икІи нобэ банкым и лэжьэкІэмрэ я Іуэхур зыІутыкрэ зэхуэсыгъэ убгъуауэ тепсэльыхьащ.

УРЫСБИЙМ кьыхигъэбелджылыкІащ нобэрей экономикэмрэ финансэмрэ я натІэхьуам ужиІагъуэзэкІэ Іэмал эримыІэр, ауэ КъБР-м и Сбербанкым и Іуэхуэхэр зэрымышынагъуэр.

- Псом япэращи, банкым и лэжьэкІэм, и Іуэху зыІутым зэмыльу я журналистхэр щыгъуаэз тщІыну ди мурадщ, цыхуэфэм я сыт хуэдэ упщІэми жэуап етыну дыхьэзырыт, - жиІащ Урысбийм. - 2014 гъэ пщІондэ тещІыхьауэ ди Іуэхуэр зыхуэдэныр дыгъэльагъэ мазэм дубзыхуакІэщ. НобэкІэ Сбербанкым и банкомату (пластикэ картэкІэ ахьшэ кьызрах аппарат) 49-рэ эдлажьэ, картэу мин 70-м щІигъу ттащ, а бжьыгъэ хэдгъэхьуэнуи ди мурадщ. Ящэ нэхъ идгъэщыну Іуэхуэхэм ящыщ зыщІ цыхуэм банкоматкІэ и щІыхуэхэр итыжьыфу (банкым кьырихуа щІыхуэр, газ, псы, уэздыгъэ, телефон уасэхэр) кьызэдгъэпэщыныр.

Урысбийм зэрыжиІэмкІэ, Урысейм и Сбербанкым КъБР-м щиІэ и кьудамэр экономикэ, финансыр лъабжьэфІ тету 2009 гъэм техьащ. Нэгъабэ банкым и мылькур процент 82-кІэ хэхьауэ икІи ар сом мелард 15,6-м нэсащ.

- Нэгъабэ и жэпуэгъуэ мазэ льандэрэ хамэ кьэрал валютэм и щІэупщІэр фІыуэ дэкІуещ, - кьыхитэщхьэхукІащ банкым и унафэщІым. - Доллархьмрэ еврэмрэ щІэупщІэшхуэ зэриІэм зыкІи дигъэшынэркьым икІи абы и лъэныкъуэкІэ ди Іуэхущапі эм кьекІуэлІэ дэтхэнэри арэзыуэ щІэлъэкІыжьыфынущ. Тхьэмпі э лъапІэхэм мылькуэ хэпльхьэм кьыпэкІуэжьынур кьыпхуэхутэнкьым, ауэ химыльафэу лажьэ ахьшэ хьуманІэм, псальэм папщІэ, Сбербанкым хуэхэту сом меларди 2,1 - рэ мэхъу. 2009 гъэм щІыхуэу сом меларди 2,5-рэ ттыну ди гугъэщ, ди Іуэхуэхэр емыфІакІуэмэ, нэхъ Іей дымыкьэІуэу, нобэ щагъуэм льагапІэм дыкьыщІехьи щхьэусыгъуэ щымыІэну кьыщолытэ. Республикэм и закъуэ мыхъуу, ЮФО-м и банюкэм дахуэ збгъадэу щытмэ, Іпщэ щІынальэм и пэрыт ахьшэ хьуманІэхэм дащыщІ, нэхьыфІ дыдэу плІым дыхьеБыдэ. Дунейпсо кризисым зэрыщІидзэрэ, ди Іуэхуэхэр зэІыхьаеу Іэнуныкьым. Нэхьыщхьэращи, зыкІи дыкьнафэтакьым, - жиІащ Урысбий Хьэмидбий.

- Ди мурадхэри, дызыпэпльэхэри фІыщ, ауэ дуней псор зэщІэзыбда кризисым Іэмал кьуитыкьым бланкым и кьэкІуэнум щэщІауэ утепсэтхьахьыну. А кризисым игъэуІэну кьаухьыкьэр ар щІуэхынкІэ хьунмрэ кьыпхуэхутэнукьым. Дызыдэлажьэхэр сэ кьызэрызгъэгугъэфынуращи, зэрызыкьеІуэу, ди Іуэхуэр нэхьыкІэ зэрымыхъунум дыпльпынымкІ. Дунейпсо экономикэмрэ финансымрэ зауэзэщІыжьынэр зэльытар зэманращи, а зэманыр щІэнэщэу дымыфІэнэщІэуду дылъжьэнэщ. Іей дымыкьэІуэу, нобэ щагъуэм ди банкым екьэлІауэ сыт хуэдэ упщІэ кьаІылькьуэмыкІами, жэуап пыхьыкІа яГьуэтынущ, я мылькум теуХуауэ ченджэщкІэ кьытухьэкьынымэ дыдэ Іэпкьыбгъэзырщ, - жиІащ абы.

Ди газетеджэхэр щыгъуаэз фыдощІ: дунейпсо кризисым, ахьшэ хьуманІэхэм я лжьыгъэм теуХуауэ упщІэ фиІэу щытмэ, фыкьатэхэ хьунущ, жэуапыр ди гаэетым и напэкІуэцІкІэм щывгъуэтынущ.

БЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сурэтыр гезекІар **КЪАРЕЙ Элинэ.**

● Банк Іуэхуэр

ЩІыхуэкІи чэнджэщкІи

Урысбий Хьэмидбий

● Прокладнэ куей

Лжьыгъэр къащегъэпснщІэ

Прокладнэ районым щыІэ «Рассвет» мэкъумэш Іуэхущапі эм щагъэсэбэ Швецием щащІа, жэм кьызэраш Іэмэпсымэщ Іэхэр.

2008 ГЪЭМ и кІэм гъэш фермэм и ятІэ корпусым апхуэдэ Іэмэпсымэ 12 щыІэпхьраліъхьащ, мы махуэ гъунэгъуэм етІуанэми а лжьыгъэр щыгъуэфІкІынущ. Гъатхэм ахэр щыІэтрауихуэнущ гъэмахуэІуэхэм щаІэ я жэм къэшыпІитІми.

ЛизингкІэ кьыІаха дэтхэнэ Іэмэпсымэщ Іэми жэмыр кьыІэращ зэманыр процент 15-кІэ егъэмащІэ, электрокъарум кьыдегъахуэ, - лжьыгъэри кьащегъэпсынщІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэмрэ режиссер нэхъыщхьэ Ерчэн Леонидрэ. *1983 гъэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ятІэ ректор Бэрбэч Хьэтютрэ *(ижьыкІэ ятІэу щысщ)* востоковед-антропологхэм я конгрессым и лжьыгъэм хэтщ. *Индие, 1965*

●Ди сурэт гъэпІыльыгъэхэр

●Гу зытыштахъэ

Зэзыгъэзэхуэж

ЩІышылэм и 13-м къыдэкІа «Адыгэ псалъэ» газетым (№№ 18 - 19) и 3-нэ напэкІуэцІым щыуагъэ кІуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатэм я кандидатхэм я спискэу «Зыуэ щыт Урысей» Урысей политикэ партиеми и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кьыгъэпльагъуам и епщыкІэхэм абзацым и ятІэ сатырым кьыззреджэн хуейр «13. Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэ» жиІэщ. Абы кьыкІэлъыкІуэу абзац дэтын хуейщ мы къыртхъэ щІыхуэ 1446-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 147-р щІыхуб, 13-р ныбжьыщІэщ. ІэщІагъэлІхэм сыт щыгъуи кьызэрыкъагъэщІи, ипэжьыпІэкІэ я бжьыгъэр нэхьыбэщ.

Гугъуехь нэхьыщхьэхэм ящыщу республикэм реабилитацэ щэнтр зэрыщымыІэм и зэранкІэ ахэр аргуэрыжьу хохьэж зэса дунейм.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Узыншагъэр хьумэныкІэ, Ухуэныгъэмкіэ министерствэхэм чэнджэщ яритащ апхуэдэ центр ухуэным и Іуэхум хэпльну.

Апхуэдэуи наркологие Іуэхущапі эм лжьакІуэхэр хуриткъуркъым. Районхэм щыІэкъым ныбжьыщІэхэм ядолажь дохутыр-наркологхэр.

Щыгъуэм наркологие Іуэхукіэ ядэпыкъуным теуХуа я гугъуехьхэри, нэгъуэщІхэри зэфІэхыныр хагъэхьэж зэса дунейм.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Узыншагъэр хьумэныкІэ, Ухуэныгъэмкіэ министерствэхэм чэнджэщ яритащ апхуэдэ центр ухуэным и Іуэхум хэпльну.

Апхуэдэуи наркологие Іуэхущапі эм лжьакІуэхэр хуриткъуркъым. Районхэм щыІэкъым ныбжьыщІэхэм ядолажь дохутыр-наркологхэр.

Щыгъуэм наркологие Іуэхукіэ ядэпыкъуным теуХуа я гугъуехьхэри, нэгъуэщІхэри зэфІэхыныр хагъэхьэж зэса дунейм.

Абы дегъэпІейтей

ІэщІагъэлІхэр яхурикъуркъ–

Наркотикым ебзныныкІэ комиссэу КъБР-м и Президентым деж щыІэм и зи чэзу зэІуІэм ЫМ ожьыгъэм кьрикІуэхэр щыгъэхальхьажащ, кьалэныныгъэр щыгъэгъэхащ.

КъБР-м узыншагъэр хьумэныкІэ и министрым и кьуэдзэ Удалов Ольгэ зэпкърыхьауэ кьытеувыІащ республикэм и наркологие Іуэхущапі эм и гугъуехь нэхьыщхьэхэм. Наркоманиемрэ токсикоманиемрэ зэрызыгуфІэгъуэ имыгъэпІейтейуэ кьанэркъым: Республикэ наркодиспансерым кьызэриткІэ, наркомание узыфэ зыпкокомиссэр 2009 гъэм зытелъэжьнэм.

ЗэІуІэм хэтащ комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэ, рес публикэм Наркотикэм якІэлъыплъныныкІэ и Іуэхущапі эм и унафэщІ **Кульбаев Руслан,** къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ **Томчак Юрий**, КъБР-м и Суд Нэхьыщхьэм и унафэщІ **Мер Юрий** , КъБР-м Жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Шоидыр Олег** сымэ.

МЭРШЭНКЪУЛ Наталье.

Пэжыр зи гъуазэ

●Щапхъэ

Сыт хуэдэ эмани зэпIэзэрыту пэжыр, зауагъэр зи пльапIэ щыхуу упсэуныр тыншыкIы. Ауэ апхуэдэ дуней тетыкIэм есам и хьэлыр, щытыкIэр хуэхъуэжьыкIым, сыту жыпIэмэ ахэр абы кIыпальхуащ, щапIыдащ. Пэжыгъэмрэ жэуаудныгъэмрэ зи гъуазэ щыхуэхэр гъащIэми нэхъ гугъу щохь - абыхъэм жыр зденщэмкIэ загъэшыркым, атIэ я гупсысэжьмрэ Iуэху зехьэкIэм зэмыпщыжу мэпсэ у, лъэпощхьэпохэр ямымащIэми. Апхуэдэуш гъащIэ, гъэгум зэрыриКIуэр КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, IэщыгъэлI емызэщ икIи щIэныгъэлI щыпкъэ Бецыкиу Хьэзешэ.

Бецыкиу Хьэзешэ.

БЕЦIЫКIУМ и сабиигъуэр ирихьэлIащ ди къэралым и пльэхэнэ нэхъ гугъу дыдэхэм. Хэку зауэшхэум и илъэсхэм. Зауэм и пэ нэхъыкьхэм унагъэщIэу ягъэтIыса Бецыкиу Хьу сенрэ Хьэпшэгрэ Хьэзешэ зыфIащащ а бабийр зыхуэдэ щымыIэ фIыгъэшхэу ят, кьэкIуэну даэр зрапх насыпт. Хьэзешэ IэплIэтес хьуами арат, и адэр зауэм щыдашам. Псыгэнсу щыщу 1943 гъэм фронтым Iуэха икIи кьэралым и щхьэ куитынныгъэм папщIи зи пэр зытахэм ящыщащ Хьусен.

- Ди анэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, ди адэр цIыху пэжу, и мурад емыпщыжу псэуад, - жиIэ Хьэзешэ. - Сэ, дауи, сщIэжырркым си адэм и нэгу сипльауи, зыгуэр кьызжиIауи. Ауэ езы тхьэмыщIэм ильагъуххакъым си кьуэш нэхъыщIэ Михаил, кьыз эраIуахуам и хьыбар письмокIэ ирагъэщIа мыхуэмэ... Апхуэдэу зауэ гущIэгъунэм унагъуэ хуэд эхихкъутащ, анэ куэд игъэгIащ, ФIызабэ щIэ хьэпIэр бзыльфыгуфIыкIым, гъэщIагъэми, Iуэху мыщхьэпэми. Апхуэдэ , куэдым ирихьэлIащ икIи абыхэм ерыщу апщIэуващ Бецыкиу зи гугъу тщIы еджапIэм щыщыпIэжьа ильэсхэм. Ар яужь ихьащ техникумым щекIуэкI Iуэху зехьэкIэм ныкъусаныгъэу хилъагъэр игъэ тэмэмыжьну. АрщхьэкIэ, «Зи закъуэр губгъуэм зауэлI щыхъуркъым» жыхуаIэрати, Хьэзешэ кьытегупIащ пэжыр наIуэ зыхуиIэжьну хэтэ гупыр.

«Педагогикэм ущыхьхьакIэ, апхуэдэ щIэныгъэ уиIэн хуеIуэ», -ныжрайат Хьэзешэ абы и щIэныгъэм аргуэру щIэхигъэхъуащ Москва дэт ветеринарнэ академием педагогикэмкIэ и факультетым икIи ар диплом плъыжькIэ кьиухащ, егъэджакIуэу лэжьэну зэрыхьхьэрэ тхылъы иIэ хьуащ. IэщагъэлIым и гупсысэкIэ хьэлэмэтхэмрэ бгъэдэль кьэхухэнныгъэ зэрыпIэкIымрэ гу лъатэри, ар кьащтащ а академием и аспирантурэм. Зэрылажьэм ху-

Хьэзешэ и унагъуэр и гъуэгу сэу. *1977 гъэ*

• Афганистаным советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 20 ирокъу

Къремыхъуэ зэи апхуэдэ зауэ

Афганистаным советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 20 зэрырикъур. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэлъэпIэнчущ икIи а Iуэхур кьызэзыгъэпащIыну гуп хахащ. Абы хьыхащ къэралыгъэ Iуэхущ Iапи Iэхэмрэ жыларыуэ зэгурыкIыныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Афганистаным щызэуа ветеранхэм я зэгурыкIныгъэм и упачущ Тхьэгъэлэдж Тимур зэрыжиIамкIэ, ирагъэкIуэкIыну Iуэхущ Iуэхущ Iуэхэм ящыщу спорт зэхьэзэхуэхэр, пшыхьхэр, ветеранхэм я зэгурыкIныгъэм хэтщIэрэ Iуэхущ Iуэхэр.

МАЗАЕМ и 15-м Москва щагъэлъэпIэнчу а махуэшхуэхэм ди республикэм щыщ ветеранхэу пщIы хэтынущ. Нобэ нэхъыбэу кьаIэт упщIэхэм ящыщщ зауэм фэбжь хэзыха зауэлIэм яхуэфащэ пщIэрэ гупытэрэ ягъуэтынымэ теухуахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу афган зауэм цIыху 1800-рэ хэтати, 53-р хэкIуащ, 319-р ихьяжащ зауэм хаха фэбжьым, 200-р ныкъуадыкъуэу кьэнащ. Мы зэманым иужьрейхэм я Iыхьэ щанэр щыпсэунымкIэ гугъу йохь. Республикэм и унафэщIэхэм яхуэзфIэкIам и гугъу пщIымэ, 2007 гъэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и фIыгъэкIэ Бахьсэн кьалэ дзс ветеран 19-м фэтэрхэр иратащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Сакъ, хьэцIыкIу

БАРСИК Барсик! Кьажэт мыдэ. Сыту щIэхьуу укъэса, си хьэ дахэ цIыкIу. ЦIхьэ апхуэдизу укъыззэпльра? Зыри жыпIэркъыми. Ауэ сэ сощIэ а уи щхьэ цIыкIур бгъэщанэуэрэ укъыщIызэнэцIыр. Лы цIынэ тIэкIу ухуейт. КIарыкубжьэрыку зрадзэ ящычыжьхэми упащIэ щIыхьащ, дауи. Арат ныхъэдиб упщIэууэ укъыззлъэIуу зыщIэзбгъэутыпщар. Ауэ сэ сщIэрт абыхэм уэ узыхуейр зэрыщумыгъэутынур. Дыгъуасэ фызжьитI ипэщэщIыхьу слъэгъуащ, зыри дгъэтыжькIым жаIэу зэхуэгъэхъуасыжу...

Аращ, си хьэ тхьэмыщкIэ цIыкIу, Iуэхур зэрыхъуар. А уэ ущIэгIамэ ли цIынэр ёзы къэзылэжь дыдэми ягъэутэжыркъым. Уэ пщIэуэ къыщIэкIынкъым ар, Барсик. ЦIыхухэм «улажьэм, лыжь пшхынщ» жыхуаIэу щытар иджы пцIыуэ къыщIидзыжащ. Умылажьэмэщ щыпшхынур. Улажьэмэ, лажьэ бгъэутынщI. Уэ ущIыхьэкIэ, хьэкIэпIычэм яхьыхь. Аэращ иджы тхъэр. А уи банэ гъущэм кьикIыжьын щыIэкъым, уи жьафэр узын фIэкIа. Хьэуэ жьIпIэмэ, лым къыпыкIи, щIахьхъэм зегьасэу. Иджы лы кIилэм и уасэм ялэм витI къыщIэкIыну щытащ. АдэкIэ здынэсынур зыми ищIэркъым. Уэ хьэ цIыкIум зымыпсэ щIакъхъэуэр апхуэдизкIэ лъапIэ хуэащи, ар хьэсымыщэхуэжьыфи щыIэщ. КьызэдаIуи, щIакъхъэуэр зумысыгъуэжджэмэ, нэхъыфIщ. Нобэ сэ сыноIэлэу, пщэдей уэ укъызэ- лъэIужмэ, узгъэщIэхъункIэ мэхъу. Нэхъ щыгъуаззэхэм ди тхьэкIумэм ирагъэкIыркъым «гъей», «гъабло» псалъэр. Плъагъуркъэ, хьэщIыкIу, абы дынэмысса пэтми, цIыхур хьэм хуэдэу дызэрызэрышхъыжыр. Абы дынэсмэ, фэри фытшхыжыкIэ хьунущ. Фысакъ. Зэкъуэхуауэ зыкъыптэщIэвмыгъахуэ.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и хъыбар кIэщIхэр

Псэр

ЕДЖАГЪЭШХУЭР лIэуэ тельт. Кьыхуэнжар сыхьэт бжыгъэр махуэ бжыгъэр тэмэму нщIэрэгъкъым. Ауэ кьыгурыфIэрт ешIэ бжыгъэ зрамщымыIужыр. Зыхь узыр гущIэгъунщэу кьеIэрт лIэуэ тельт еджагъэшхуэм, итIани щIэбгъэжьым. Зэпымыуэ гупсысэрт. ЩIыхьэми щIэжми яльагъурт ар. Ауэ, Аллахым кьыщыпмыщIа, сыт фIэкIа зыми нщIэрэгъкъым абы и щхьэ упщIыIужам щызэблэкI гупсысэхэр.

Зи гъащIэ псор тхыдэм езыхьэлIа еджагъэшхуэм зыри зэрыздимыхьыщыр хьэжьыу кьыгурыIуэу псэурти, тхыль нэхъыбэ кьызэригъэнэным зэрылъэкIкIэ уэхуэлжьат. ХуэфэкIари мащIэтхъуажьмэ. Абы пригуфIэури псэуат, ауэ иджы хущIегъуэжат...

Зэрымыгъэжьжьыф ильэс зытIущым и унагъуэр зэрыпэтехуари, гузавэмэ, епхъэну дидзыхь ахьшэ хьарзыпэр хуэзыхьуэмэ дзыхь зыхуищIа кьэралым фIиубыдащ зэрыпIалъхъэжьыр сэ адыгэ пщыкъэ-уэрыкъэжьым зэримыIэри гукъеуэ иригъэкIуэ лIэуэ тель лIыкъыр. Ауэ аратжьым абы и псэм япэу кьеIэр.

ЦIыху дунейм щехьжжIэ, абы дежьфрыщIыгъэри щIыри ящыкIуэнагъ къыщIэкIынщ. Хэт зыщыхэбгъэфорыщIыжьынури, щIы зыхуэбгъэсыжьынури? Псэхъыра? ЛIэм кьыхуэнжьыр щIы зыхуэпсыжьынури и псэм кьыжриIэ пэжырщ. ИщIэмэ имыщIэмэ, хуэйми хуэмеймэ, иджыри кьэжьи ибзыщIа пэж къомыр щIыуэ дунейм кьытебгъэщIарадкъэ тIэу лIэ хьужьыр? Зэм упсэуэ, етIуанэм уи псэр хэкIауэ. Сыту щынагъэ.

И кьарур щIэкIами, и акьылыр бзыгъэт лIэуэ тель едажгъэшхуэм. И псэр зыхэкIпкъым нэхъ хьэзабшхуэ тезылъхъэр уэыртэкъым, атIэ гупсысэрт. Зейм хуэмыдыдыжу ар хьэйм икIауэ зельатэрт. Модэ... Iуащхьэмахуэ дольэтри кьытеуваци, иджыри къэ и кьабзэкIэ кьыхуэмыльэгъуэ дунейкъым зыщепльыхь. Сыту куэди ильагъэр, мыбы утет-

ЩЫЖЭКIЫМ

мэ! ЗымкIэ Мэзкуу, адрейкIэ Иста[illegible] ЩIыхьэ[illegible] кьыс[illegible] щIы[illegible] щIыхь[illegible] лIар ищIыжьыми франдзыми апхуэдизу сахуэпсэльэну? Сыты си адыгэм абы кьращIари? Зым сыщытхъурти, лажьэ зимыIэхэр фIейм хэсльхьэрт. Армыдрэ, уи кандидатэ ун доктори мэхьэмэхьт. Зэныгъэ зэкIэу укIуэ щхьэжьымыIар? ИтIанэ сысытыт? СызыркIт. Ари нэхъыфIгъкъэ, иджы щIы кьомыр кьэзгъанэ нэхърэ? Дапщэм я щхьэр судэгуа, щIыкIэ кьудзи си гуIэу. Алыхьым и щIыкурKЬ, псоми я фIэщ сыхьурт зыкъым. Гунэс сызыщIым сыщытхъурт.

Зи пащхьэ сихьэж Алыхьым кьыхуигъэгъу сэ адыгэ щIыкъэ-уэрыкъэкIым я фэм исхар. Абы сэ щIыIуэ я тесIыхьар, абы сэ... Адыгэм я хабзэмрэ я лIыгъэмрэ дуней псом щагъэщIагъэрт, дэ мобыхэм дащIэнакIэрт. Хьэуэ, ди щхьэм дыпэрыхьжырт. Нэхъыбэу ауан зытщIыкIыхьу, дынэхь лIыфIт. ЩIэныгъэшIэу, ахьмакIыу дыщытаеу, кIыфIым дыхэтауэ, факIырэу дыпсэуауэ, ныбжьыбзэр дгъэшIыIуэу щыжьатIжьI, кьытщытхъурт. Дишъ ухуэнсальэмэ, кхъуэ ижкуль щIыхьмэ, удурыдыльт, партым ухугъэхьэрт, кьулыкъуи кьуатыт.

«Мыльхъуэжьныр пщыжьэуэркъыжьым кьыхуэкIуэ?...» жыIэу ильэс дапщэ хьауэу дыкIийр? Дыуна, мыльхъуэжьмэ, ИтIани мыльхъуэу дыкьыдэхэнаг жьдоIэри, дотхъэуысхэ. А адыгэ фызыжь Iупщым ящыщ. Iуащхьэм кьыщыщIэзар хуэзмыда щхьэкIэ, сыту пэкт: «Уэркъ хабзэ фIэфIщри ди адыгэ хабзэ дахэхэр вгъэкIуэдыжащ. Иджы хьэгъуэлIыгъуэ зэрыдах дыдэ фIиуэкъркъымэ, зэм маткIэ лъкъум зхуэвохь, зэм шумдан зывохьуэж, зэм тхьаунтэшхуэ кьыволъэфкI, итIанэ фызщIохьэж. Ди лъэпкъ хабзэ дахэр хэмвыутамэ, а псор кьэхъурт? Хэт зи хабзэ зымыIытыжьыр, дэм мыхъуми? Фэ зэмвыпсыжу ауан фщIа ди фащэ дахэр зымейм зрагъэщIагъуэу ящыгъщ...».

Сымаджэр къанэри

щIэупщIакIуэр лIащ, щIыжаIэм и пльыфэ гуэр сигу кьинэжащ

СИ ЦIЫХУГЪЭ дохутыршхуэм дежь сыкIуат, си Iыхьшыхь гуэрхэмкIэ сеупщIу езыри эзэгъэупщIыну. Абы ирихьэлIащ куэд лъандэрэ сызыкIуэ лIы нэхъыжь гуэр. Абы и куэдкIэ, езым нэхъыр нэхъыжьу лIы гуэр, сэ куэдрэ сыдлэжьащ, щIыгъуэ. ПIасти зэдэтшхауэ псэурти, «Дауэ щыту пIэрэ уи ныбжьгъуэ иджы?» - жери къызэупщIащ. Ар зэрыщытыр езыми ищIэрт. ИтIани къызэрызэупщIар зыми хэхъкъакъым, ауэ и упщIэм и кIэм «иджы» жиIэу зэрыпщIэуварэ зэрыкIэлъфыгъэжари сигу ирихьакъым.

- СIот, щIэупщIакIуэ укIуэну арат? - жызоIэ.

- ЩIэупщIакIуэтэкъым, нэгъуэщI.

Жи Iар си жагъуэу сыщеплъым, пIащIэу къыпищащ:

- Уэ сыткIэ пщIэрэ абы си фэм ирихар? Апхуэдэу пIэм къыхэнэжьи и гугъакъым.

- Сыт уи фэм ирихар?

- Зауэм и пэкIэ, ди щIалэгъуэу, мис а дунейм и тKIнигъуэм, кIэмсомолым сыкъыхэпхащ.

- Пота кьудейуэ ара?

- Иужьым ичрам кьыхьыжри...

- Апхуэдэу щыжьыпIэм, сэ си гугъар нэгъуэщIщ.

- Сыт?

- Уи адэр псэу?

- Уи адэр зауэм щаукIащ.

- Тхьэмахуэфыф кьрыт. Сэ кьэжьужу мыбы щаукIа си гугъати.

Си псэльэгъуэ щIыхь губзыгъэт, ауэ иджыпсту кьыхIуа дедагъэм и жэуап зэрестар кьыгурыIуэри, пIыжьжь кьэхъуащ. Сэри а псалъэмакъ гурымыхьыр дыхэмэ нэхъ кьасщIэу, сеупщIащ:

- СIло, уэри щхьэ уэрыуэ ухьуа мы дохутыпм?

- Уэлэхьи, лIажьэ узыр пIащIэу кьыскуэкIуащи, щIыгуэр ирезгъэщIэну сыгегушхуамэ.

- Тхьэм тэмэм ищI, - жысIэри дыззбгъэдэкIыжащ. Абы и уажькIэ дыззрилъагъуажьым. Операцэр хьарзынэу зэфIэкIауэ хъыбар щIыIащ, ауэ арат кьыхуиухари, сымаджэпIэм къикIакъым.

ЩIэупщIакIуэ мыхъуу нэгъуэщI Iуэхукъ зыхуэкIуэну жыхуиIа нэхъыжьыр абы и уажькIэ (инфаркт нэужьым) хуэмурэ кьежьэжри, батэ имыгъэщащи, и Iыхьэ нщIыу, ныбжьхъэгъуэм зы бжьэ щIыкIуи кьадиэтэыфу ильэс зытхуэ псэужащ.

Е, бетмал, сыту фIыт щIыхуисэр, нэхъ гъунэгъуу хIбэмэ, дэ [illegible] ди псэр нэхъ кьабзэIуэмэ.

Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж Махуэлi Евгение

● Фэеплъ



Хьэзешэ и унагъуэр и гъуэгу сэу. *1977 гъэ*

Уэныншагъэр хьуэмэн, социальнэ, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, спорт, политикэ Iэнатlэхэм бзыльхугъэхэр зэрыпэрытым гъэщIэгъуэн гуэри хэтлъагъуэжырыкым. Ауэ нужьрей лъэхъэнэм кьэралкуэдым я дзэ ведомствэхэм, абы пыщIа нэгъуэщI Iэнатlэ гугъуэхэм ящрохьэлIэ цIыхубзхэм.

КIэлъыплъакIуэ куэдым кьыззрадыгъэкIэ, кьэралIэнатlэхэм бзыльхугъэхэр зыкIи щынэхъ гуащIэмащIэ, ныкъусаныгъэхэр я.

Гупсысэкlэр, Iуэху еплъыкIэр нэгъуэщI зэрыщытым кьыгъэкIыну зэрыщытым кьыгъэкIи ящыкIуэнагъ Iэмальщ Iэхэр кьыщагъэсэгъэп. Абыхэм ящыщу республикэм щынагъуэнащагъэр кьызэгъэпэщыныкIэ щыIэ Iэнатlэм ильэс 40-кIэ хуэлэжьа Махуэлl Евгение Хьэзджэрий и пхьур.

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ и эзаным апхуэдэ Iэнатlэхэм щыкъ щIт бзыльхугъэхэр. Сыту жыIэпэмэ, фронтым кIуа цIыхухьэхэм я пIэкIэ кьызэрыгуэкI я кьалэнхэм нэмыщIи, абыхэм лэжьыгъэщхуэ я пщэ дальхьэжьыт. Тылым щынагъэнщагъэр кьызщэзрагъэпэщу ахэр хэтащ тIасхъэщIэх гупхэм, нэмыщIэхэм яубыда щIыпIэхэм бийм щебгъэрыкIуэныкIэ ирагъэкIуэкIа Iэхуэхэм.

Хэку зауэшхуэм и ильэсхэм тылым щыIабэм я гугъу умыщIми, республикэм щынагъэнщагъэкIэ Iэнатlэ зэдэуэр ари кьыхуащ Хьэзешэ. Кандидат лэжьыгъэри игъэхьэзырри ехьулIэныгъэ иIэу ар 1984 гъэм Москва щыпхырыкIэкIащ, биологие щIэныгъэхэм я кандидат хьауэ, кьаруущIэкIэ, мурадыщIэхэр иIэу и Iэнатlэм гэрыуэзэщащ.

ФIы дыдэтэкъэ зи щIэныгъэм хэзыгъэхьуа, лэжьыгъэм гукъыдэж хузиIэ IэщагъэлI, щIэныгъэлI еджапIэм щыIэнырэ? АрщхьэкIэ Бецыкиум и щIэныгъэми и зэфIэкIми зыкIи хуейтэкъым щыхьзыхуэжьэкахэр. КьыззрыщIэжьыкIыжьа, егъэджакIуэу лэжьэну зэрыхуиттымкIэ тхъыль зэриныбгъэрэтэкъым. Ар ныкъусаныгъэу хилъагъэр игъэ тэмэмыжьну. АрщхьэкIэ, «Зи закъуэр губгъуэм зауэлI щыхъуркъым» жыхуаIэрати, Хьэзешэ кьытегупIащ пэжыр наIуэ зыхуиIэжьну хэтэ гупыр.

«Педагогикэм ущыхьхьакIэ, апхуэдэ щIэныгъэ уиIэн хуеIуэ», -ныжрайат Хьэзешэ абы и щIэныгъэм аргуэру щIэхигъэхъуащ Москва дэт ветеринарнэ академием педагогикэмкIэ и факультетым икIи ар диплом плъыжькIэ кьиухащ, егъэджакIуэу лэжьэну зэрыхьхьэрэ тхылъы иIэ хьуащ. IэщагъэлIым и гупсысэкIэ хьэлэмэтхэмрэ бгъэдэль кьэхухэнныгъэ зэрыпIэкIымрэ гу лъатэри, ар кьащтащ а академием и аспирантурэм. Зэрылажьэм ху-

• Афганистаным советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 20 ирокъу

Къремыхъуэ зэи апхуэдэ зауэ

Афганистаным советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 20 зэрырикъур. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэлъэпIэнчущ икIи а Iуэхур къызэзыгъэпащIыну гуп хахащ. Абы хьыхащ къэралыгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Афганистаным щызэуа ветеранхэм я зэгурыкIныгъэм и упачущ Тхьэгъэлэдж Тимур зэрыжиIамкIэ, ирагъэкIуэкIыну Iуэхущ Iуэхуэхэм ящыщу спорт зэхьэзэхуэхэр, пшыхьхэр, ветеранхэм я зэгурыкIныгъэм хэтщIэрэ щIалэгъуалэмрэ я зэIущIэхэр.

МАЗАЕМ и 15-м Москва щагъэлъэпIэнчу а махуэшхуэхэм ди республикэм щыщ ветеранхэу пщIы хэтынущ. Нобэ нэхъыбэу кьаIэт упщIэхэм ящыщщ зауэм фэбжь хэзыха зауэлIэм яхуэфащэ пщIэрэ гупытэрэ ягъуэтынымэ теухуахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу афган зауэм цIыху 1800-рэ хэтати, 53-р хэкIуащ, 319-р ихьяжащ зауэм хаха фэбжьым, 200-р ныкъуадыкъуэу кьэнащ. Мы зэманым иужьрейхэм я Iыхьэ щанэр щыпсэунымкIэ гугъу йохь. Республикэм и унафэщIэхэм яхуэзфIэкIам и гугъу пщIымэ, 2007 гъэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и фIыгъэкIэ Бахьсэн кьалэ дзс ветеран 19-м фэтэрхэр иратащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Псапэ

УНИВЕРСИТЕТЫМ щеджэ и кьуэрыпльэ Мадинэ тхьэмахуэ хьуауэ зытегузэвыхь экзаменыр итыну щIэкIа нэужь, анэшхуэм и нэмэщIыгъэ гъэжьэнри зэпимытэууэ, нэмэзлыкъым кьытепсэтыIкIащ:

- АтIэ, мыдэ фыкьапIтэ, фэ къомыр фыгуэьрэ щхьэкIэ, а хъыджэбзым и Iуэхур нобэ тэмэм хьауэ къитэжьажьыкIэ!

- Алыхьым Iыхьэ ищI ар, мамэ, - къэгуфIащ Мадинэ и анэр. - Мы зэм зыгуэр хъужамэ, адэкIэ зыгуэр хьунт.

- Дэнэ щыпщIэр ар, дянэ? - щIэдыкъэзыкIыуэр щIэупщIащ къепщытырэкI къыкIэ мыкъ шейр пхъэ лошкIэкIэ зыкIыщтэ щыщ. Адэ, - Уемышыжу Тхьэ узэрыхуелъэIур дольагъу. Ара хьунщ.

- Алыхь, икIи армыра. Ауэ фIыгъэгъущ -уеджэрэкъым- жьыфIэу жащIи махуэми жьэкIэ фшхы хьыджэбзыр гуфIэу къэкIуэжауэ.

- АбыкIэ дыарэзыщ. Ауэ ар кьызэзрыпщIар иджыпсту кьыщIжеIэт, зэфIэкIа нэужь мыхьуу...

Апхуэдэуэрэ, зэи кьызэдэзм, итIани я1щIэхужьэрэ, ауэ экзамен Iуэхур ямыгъэ-

ЩIЫГУЕВ АЛЬСЪАН

ЗэрыщIэж защIэт фызыжьым и [illegible] ЩIыгуев Альсан. [illegible] кьыс[illegible] [illegible]ку щIэф [illegible] щIыхь[illegible] мыхъуми, ди гум ильым дыхуитыжтэкъэ? Хэтыт абы нихьар? Зыми дрихуIащэрэ «мыр тхы» жиIэу... Ар жьыгI щхьэкIэ... Хуеймэ умытх, ауэ нтхымэ, зэрыштхыж хуейр езыхэр зэрыхуейм хуэдэут... Псорн кьыщIежьэрэ зэкIуэлIэжри а зырт...

ТщIэн хуейр тщагъэпшкIуу, дагъэщIэну зыхуейр кьыгуагъэпIейуэ дагъэпсэуащ. Дэнэ щыIэж иджы си нэр кьыз этезыхьжьын си гуГъаэр?

Мыст сымэ губзыгъэу ящIащ - зыхуэмей ятхаежьыж. СыткIи сыхуейт я кьулыкъуэ тIэкIуми, я билетми? Я натIэм нукIащ иджы псорн. А зырт, бетмал, е тэмэм кьыжжезыIар. Мис ар нэсауэ еджагъэшхуэт. Абы ищIэрт тхьдэр кьыгъэрэтIущ щыкIэр. Сэ я архив щхэхуэм сыщIагъапIэ жыс-Iуэрэ, сыпльэкъуащ: сагъэлъэгъуар, пжжыр ягъэщIкIури, езыхэр зыхуэй щIыщр...

ЕДЖАГЪЭШХУЭМ нэхъ Iей дыдэри игу кьэжьащщ. Ауэ ар езым зыщIэзыщIыжьырт, хэкI и псэм щигъэщIкIуэрт. Зэгурым щIыхум лъэбакъуэхьуу яхуэвэри ар дэнсэльрет: «Алыхь, Алыхь жьвоIэ, ар щыIэр пэжмэ, ныжжэ сретъэлIэфыгI?»

Алыхьыр пIащIэркъым, шы щIакъуэ тесщ, жаIэ. «Ныжэб сретъэлIэфыт...» жыхуиIа жэщым Алыхьыр еджагъэшхуэм кьеуакьым. Ауэ ар кьыжьжэдкIи и жэр тIэкIуэрэ Iуэшхуэ иригъэкIуэ щытащ. Ар жимыIауэ, е жьыIар езыр армырау, жиIэнами, хуэмейуэ кьыжьэдкIауэ игъэувыну хуейт лIэуэ телъыр... Зэм пыхьмащIа кьаруущхуэ гуэр и кIэщIым кьыщыщIэзар хуэзмыда щхьэкIэ, сыту пэкт: «Уэркъ хабзэ фIэфIщри ди адыгэ хабзэ дахэхэр вгъэкIуэдыжащ. Иджы хьэгъуэлIыгъуэ зэрыдах дыдэ фIиуэкъркъымэ, зэм маткIэ лъкъум зхуэвохь, зэм шумдан зывохьуэж, зэм тхьаунтэшхуэ кьывольэфкI, итIанэ фызщIохьэж. Ди лъэпкъ хабзэ дахэр хэмвыутамэ, а псор кьэхъурт? Хэт зи хабзэ зымыIытыжьыр, дэм мыхъуми? Фэ зэмвыпсыжу ауан фщIа ди фащэ дахэр зымейм зрагъэщIагъуэу ящыгъщ...».

ЩIЫГУЕВ АЛЬСЪАН

тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат,

БОРОВИНСК АЯ Наталье,

журналист.

Гуфlэгъуэр я нэхэм къыщlех

● Щэнхабзэ

Партан къуажэм щыlэ еджапlэ-интернатым нджыблагъэ яхуеблэгъат Налшык дэт курыт школ №24-м щlэсхэм ящыщ гуп. Интернатым щыlэ сабийхэр трагъэуф, я нэгу зрагъэжьын мурад яlэу хъэщlэхэм ягъэхьзырат концерт гъэщlэгъуэн.

24-нЭ ШКОлЫМи унафэщlым гъэсэныгъэмкlэ и къуэдзэ Тут Наталье щыгъуазэ дыззэрищlамкlэ, апхуэдэ Іужу щхьапэ абыхэм япэу ирагъэкlуэкlыу аракъым. Махуэшхуэхэм джа яхуеблагъэуэр, абыхэм «Звездна» жылэм дэт еджапlэхэми зыкъыщагъэльа-гъуэ.

Сабий куэд къекlуэлlат пшыхьым. 24-нэ школым и 11-нэ классым щlэс Балькъуз Хьэlишэт пшыхьыр къызэуихри, утыкур хуит яхунщlащ узрэджьыкlыу, къэфакlуэ ныбжьыщlэхэм. Интернатым и пэшышхэм щlэз сабийхэм Іэгуауэшхуэ хуаlэтащ Хъарзынэ Руслан и гъэсэнхэу Хъуран Аз эмтрэ Дзэмыхь Къазбечрэ жаlа уэрэдхэм. Школым къафмкlэ и гъэсакlуэ Ало Жаннэ и гупым ягъэззщlа къафэ дахэхэри ягу ирихьащ. Бысымхэм. «Ебланэ континент» гупым ягъэува гушыlэ тепльэгъуэ кlэщlхэми яфlэгъэщlэгъуну епльащ интернатым щреджьэхэр. Теплъэгъуэхэр гъащlэм дызыщыхуэзэ Іуэхугъуэ зэмылlэуэ жьыгъуэхэм Жухуат, гъэсэныгъэ мыхьэнэ яlэт.

Пшыхьым и кlэм сабийхэм адыгэ джэгу ящlащ. Интернатым и пэшышхэм щlэз сабийхэм Іэгуауэшхуэ ныкъыпlэ. Апхуэдэ щыгъуэ хуаlэтащ Хъарзынэ Руслан и гъэсэнхэу Хъуран Аз эмтрэ Дзэмыхь Къазбечрэ жаlа уэрэдхэм. Псоми къыдгъэдэкlыу фlыщlэ фхузощl. Адэкlи ди эмпщlэныгъэм пищэну дыщогугъ. Иджы дэ дыныфкъуеблэгъэну ди мурадщ, - жиlащ абы.

Пlаз Ритэ къызэрыджиlамкlэ, апхуэдэ пшыхьхэр кlэщlкlэщlуэр интернатым щрагъэжьхуэкl. Сабийхэм я джежкlэ абы мыхьэнэшхуэ нlэщ: я гупсысэм, зэхэщlыкlым хохьуэ, гъэсэныгъэм джежкlи мыхьэнэшхуэ иlэщ.

БАЦУ ФатIимэ.

Налшык дэт 24-нэ еджапlэм и «Ебланэ континент» гупым хэтхэм я гушыlэхlэр щlалэгъуалэм ягу ирокь. *Сурэтыр* **КЪ АРЕЙ Элинэ** *триахщ.*

● Щытхъу зиlэхэр

Дидан Албэч и хъуэпсапlэ

Сыт эмани щlэблэм жэуапльныгъэшхуэ я пщэ къыдохуэ. Ахэрщ адэ-анэм я льэр жан зыщlыфынри я гур хэзыгъэщlыфынри.

БЫНЫФl ЗИlЭ адэ-анэм я насыпщ. Апхуэдэ насыпкlэ Тхьэшхуэр къахуэуплсауэ жьпlэ хьунщ Сэрмакъ къуажэм щыщхэу Диданхэ Хьэрэбийрэ Хьэlишэтрэ. Абыхэм я щlалэ Албэч Ростов къалэм дэт, раке тэдзэм и зауэлlх эр щагъэхьэзыр институтым и 4-нэ к урсым щlэсщ. Ар зыхэтх эм щагъэ даих яхуохьу, къызэгъэпэщlакlуэщ, жэрдэмщlакlуэщ. А еджапlэм щыщlэтlысхьа махуэ льандэрэ яхьщlэмыхуэу и къалэн егъэзащlэ.

Албэч институтым зэрыщlэтlысхьауэ щытар зыкlи гукъинэжщ. Зэрыщlэтlысхьэ экзаменхэр щитым псори хъарзынэурэ екlуэкlащ. Зауэлl хьуну гукъыдэж зиlэ щlалэхэр мащlэтэкъым, щlэныгъэ хьарзыни къагъэльагъуэ эрт. Экзамен къеlызыхэкlи щыгуфlыкlырт а гъэм еджапlэм кьеклуэпlаэхэр куэд зэрыхьуам - къызыхахьи я бэт. Институтым щlэху энуми щlэмыхуэнуми хэпльр бет эмал хьуат, сыт щхьэкlэ жьпlэмэ еджапlэ нэхъыщхьэм кьигъэува щlэныгъэ мардэм пэмыльэщар мащlэ дьдэт. Кьэнэжьыр зыт - Хэжум и хьумакlуэ хьунухэм я бэшlэчагъэр, къарууфlагъэр зэхэгъэкlыныр т. Абы псори игъэбелджьылнут.

Ныбжьыщlэхэм иджы кьапэщытт метр мини 3-м къыщызэдэжныр. Ар дакъикъэ 12-м кьриубыдэу кьызэранэжьпхъэт. Мыбдж жырщ Албэч зыкъыщызэхъунхы-гвр. А километри 3-р щlалэм дакъикъи 10-м зэращlигъу щымыщlэ къызэриниэжlащ. Ар тельыджэ зыщlыхьуа институт унафэщlым - генералым асыхьэтым жиlащ: «Ущlэхуащ, уэ пхуэдэ зауэлl псынщlэхэр, бэшэчхэрщ дэ дызыхуейр».

Абдежым щыщlэдзауэ и еджагъуэм ар пашэ яхуэхьуащ. Нобэ ар курсым я старшинащ. Зы ильэси кьанэркъым а щlалэм и еджэкlэмрэ и зыгъэхьэзырыкlэмрэ гулыитэ хэха х уамышу. Зыщеджэ факультетым и унафэщlым эзкъым, тlэукъым Хьэрэбийрэ Хьэlишэтрэ фlыщlэ кьаззрыкуищ! тхьгъэхэрэ кьазэрыкуигъэхьар. Иджы дыдэ абыхэм зрагъэуфу хьыбарыфl кьаlэрыхьащ - Кавказ Ищхьэрэ дэз округым и унафэщl, Урысеим и Лыхъужь, дзэм и генерал Барановыр кьыщытхьуащ Дидан Албэч.

Апхуэдэу щытми, Дидан Албэч и ешхьlэныгъэхэм тегъэчыныхьауэ утепсэльыхьыну идджыри пасэу къыщlэкlынщ, ауэ а ильэси 4-м абы кьигъэльэгъуэ зэрфlэкlхэм гугъэ уагъэщl ехьулlэныгъэ нэхъ иныжхэр зыlэригъэ хьэну. Абы пасэу зринтащ спорт зэмылlэужьыгъуэхэм: фlыуэ топ джэпрт, жэн-льэнх эмкlэ зытригъакlуэ щыlэтэкъым. Щlалэр зэрыщыкlуэр ехьуапсэрт зауэлl фащэ зыщыгъым. Адэ-анэм ткlийуэ памыубыду, гурагъэlуащ я къуэ закъуэр езыхэм кьахэсу, къуакъэм дэсыжмэ кьыззэращтэнур. Арщхьэкlэ, Албэч и адэ-анэм яжриащ нэгъуэщl Іэщlагъэ гъащlэм кьыззэрыщимыльыхьуэнур. А Іуэхумкlи адэ-анэри и щыпхьэущри езым и телъхьэ хуэм-хуэмурэ кьищlащ. Иджы псори зыщlэхъуэпсыр зыщ - Албэч и мурадхэм зэрыхуэкlуэ гъуэгур хуиту, мамыру щытыныгъ.

ХЬЭМТУКъадир.

КЪЭРМОКЪУЭ Малил
Псэбыдэ и къуэр

И ныбжьыр ильэс 84-м иту 2009 гъэм щыщlэлъэм и 31-м дунейм ехьажащ щlыхуу щыпкъэ, мэкъумэш lэнатlэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlа, зи псалъэмрэ зи Іуэхумрэ зэтехуэу жэуаплныгъэ ин зыпылъ къалэн зэмылlэужьыгъуэхэр ильэс куэдкlэ езыхьэкlа Къэрмокъуэ Малил Псэбыдэ и къуэр.

Ар 1925 гъэм накъыгъэм и 3-м Бахьсэн районым хьжьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ, абы курыт еджапlэр нэхъыщlыхуащ. Гуащlэдэкlыр зищlысыр, абы и мыхьэнэр пасэу зыхэзыщlа ныбжьыщlэр Іэхъуэм, жэмышуи, гъэш фермэм и учетчикыуи, счетоводуи лэжьэну хунэсащ. Малил и зэфlэкlым зыкъыщызэкъуихар бухгалтер еджа ныжьщ. Зэрынабдзэгубдзапlьэр, зэрыжаныр къалтыгэри, 1950 гъэм Къэрмокъуэр Зеикъуэ щызэхэт колхозым и ревизэ комиссэм и унафэщlу ягъэув, къуажэдэсхэм зэдзэрэзыуэ комсомол организацэм и секретару хах. Илъэсищ докlри, бухгалтер нэхъыщхьэм и къуэдзэ мэхъу, иужькlэ колхоз унафэщlэр щагъэхьэзыр ильэсипlкlэ курсхэм ягъакlуэ.

Ар екъуэлlэныгъэкlэ кьиуха ныжь, КПСС-м и Іуащхьэмахуэ райкомым инструктору яшэ, иужькlэ зыуэ зэгуагъэхьэжа Зеикъуэ колхозитlым и парт организацэм и секретару хах.

Хозяйствэщхуэм и лэжьакlуэхэр Малил Іуэху инхэм тригъэгушхуэрт. 1960 гъэхэм ар агроному, агроном нэхъыщхьэу мэлажьэ. Колхоз унафэщlым и къуэдзэу щыщlэта зэманым КъБКъУ-м и мэкъумэш хозяйствэмкlэ и факультетыр кьеуэ.

Еш имыщlэу и lэнатlэм пэрыт Іэщlагъэлlым гъавэ бзэ къуэхуэхьурт, хозяйствэми хэхъуэфl кьыlэрыхьэрт.

Гъащlэм и пlалъэ зыщlэ, зэфlэкl зыбгъэдэлъ Къэрмокъуэ Малил 1975 гъэм Зеикъуэ къуажэ Советым и тхьэмадзэу хах. Абы щылэжьа ильэситхум къриубыдэу къаруушхуэ ирихьэлlащ жылэм дэсхэм я псэукlэр ергъэфlэкlуэным, щыlпlэхэр гъэкъэбзэным, зэlуэзэпэщ щыным.

Къэрмокъуэ Малил и жэрдэмкlэ къуажэм къыщызэlуахат щыхуи 180-рэ щылэжьэну дэрбзэр цех, фельдшер-акушер пункту 2, связым и етlуанэ къудамэр, фламыщl хьумэпlэр, мыцрысепс къыщыщlаху Іэхуущlапlэр, апхуэдэуи эрам нэхъыщхьэм уэздыгъэхэр щыфlадзауэ щытащ.

Дэтхэнэ зы lэнатlэри щхьэрэ пщlэрэ иlоу, щытхъу пытпу ирихьэкlащ адыгэлl гуащlафlэм, щlыхухэм я сабэп зыхэлъхэрэ я зэlуэзэпэщыныгъэмрэ япэ иригъэщу, ищlэр фlэмащlэу дунейм тетащ.

Къэрмокъуэ Малил и ныбжьэгъуу, и лэжьэгъуу, зыщlыхуу щытахэр нобэ абы и унагъуэм, и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогуэавэ. Дэри нэхъыжьыфlым и фэрпль тхьэ сыт щыгъуи ди гум илынщ.

Бахьсэн районым и администрацэ, Зеикъуэ къуажэм и администрацэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

● Хъыбарегъащlэ

Къэбэрдей драмэ театрым фрегъэблагъэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мазае мазэм мыпхуэдэ спектаклхэр щекIуэкIынущ:

Мазаем и 5-м:
Мурат Чапай.
«КъулыкъущIэкъуэр» *(ГушыIэ).*

Мазаем и 12-м:
Николай Альдо. **«Гулыитэншэ хъуахэр»** *(Трагикомедие).*

Мазаем и 17-м:
Абу-Бакар Ахъмэтхъан. **«Алмэстыхэр»** *(ГушыIэ).*

Мазаем и 20-м:
Несин Азиз. **«Сыкъ иджы, дунейнэху»** *(ГушыIэ).*

Мазаем и 26-м:
Думэн Мурадин. **«Уэлий и парашют»** *(ГушыIэ).*

Спектаклхэр щекIуэкIкIэ, ахэр урысыбзэкIэ зэрадзэкI.

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басирщ.

ЩыщIидзэр сыхьэтыр 18-рщ. УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ:
42-64-94, 42-33-87

● Узыншагъэ

Дэтхэнэ зыри

«Узыншагъэр гъащIэ дыгъэщ», - жаIэ. Абы кьиубыду ди гутъэщ узыншагъэм и хьасэр. Сымаджэм ы гъэхъуэ, абы и гуфlэжьыр къэзыlэтыж дохутырхэм сыт хуэдэ зэманми пщlэшхуэ зэхащlу къокlуэкl.

А ТЭЩIАГЪЭР кьыхэзыхахэм щlэныгъэ куу яlэн зэрыхуэфр гурыIуэгъуэщ. Абы нэмыщl гуапагъэмрэ гущlэгъуэмрэ сытым дежи я Іэпэгъуэ щытыпхъэщ. Я щхьэ къезыхьэлlа дэтхэнэ зы сымаджэми, зэхэгъэжьгъэкъэ, ямышlу, ядэlэпыкъуныр я кьалэнщ абыхэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым дохутырхэм я нэхъыбэ я гульытэр зэльытыжар сымаджэм и жып кьрихьыфыну сомыр зыхуэдизырщи. Ар гъащIэм щекIуэкI зэхъуэгъэкIыныгъэхэм я Іуэжьщ, унагъэр игъэпсэуну кьызыщыгугъэ дохутырым мылъку хэхьапIэу кьыхуэзэр аращ. Апхуэдэу щытми, псори мылъкум итхъэхуэуэ схужьIэныкъым, яхэтщ дэ дохутырхэм щыхуГэр зыгъэнэхъапэхэр, Гиппократ и тхъэрыIуэр зыгъэпэжхэр. Нобэ зи гугъу фхуэсщlыну Шыкlалъашэ Иринэ Кьасым и пхъур абыхэм ящlащ зыщ.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр кьиухри, Иринэ зэрыщlыкIуэр зыщIэхъэпса Іэщlагъэмкlэ лежьэн щригъэжьащ Налшык кьалэ дэт поликлиникэ №2-м. Илъэс 31-рэ хьуауэ ар а поликлиникэм щытхъу иIэу акушер-гинекологыгъу щыIэщ.

Жэуапльныгъэ ин зыпылъ лэжьыгъэт Иринэ зыпэрыувар: ар якIэльапльырт анэ хьуну бзылъхуныжхэм. Щыхуитlым я гъащIэр куэдкlэ ельытат абы и зэфlэкlым, и Іэзагъым. Эман кlэщlым абы кьигъэльэгъуащ дзыхь зыхуэпщlкlэ зыхуэ дохутыру зэрыщытым.

Бзылъхугъэм дежкlэ сабий игъэгъуным нэхъ гуфlэгъуэ, нэхъ льапlэ щыIэу пlэрэ?! АтIэ а сабийр узыншэу дунейм кьытехьэныжкlэ дохутырхэм жэуаплныгъэ ин я пщэ кьыдохуэ. Иринэ ар нэсу зыхещlэ, зыкlэлыплъ бзылъхугъэхэр кьыхуэзарэзыщ.

Щыхуфlым и щlэр псынщlэу мэIу жьхуаIэрати, Щыкlалъашэм и зэфlэкlым и хъыбар зэхэзыхэр абы и деж къекIуалlэ хъуащ. Зэ закъуэ нэхъ мыхьуми Иринэ хуэзам имыгъэщlэгъуэнкlэ Іэмал иlэкъым абы хэль гуапагъэр, гулыитэр, щыхугъэ льагэр. И лэжьыгъэ зэманыр иухами, езыр сыт хуэдизу емыгъэщlами, кьэхъуакъым абы и бжэм деж щIыху щыту ар лэжьапIэм щыщlэкIыжа.

- Гукъуэу иlэми, гугъуехь гуэр кьыпэщылъми, и лэжьапIэ бжэщхъэIум зэребакъуэу, ахэр псори зрегъэтIылъэкIри, и дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ щыхуэ щыхуэм сабэп зэрахуэхъуным и къару псори ирехьэлIэ а бзылъхугъэ гуащIафlэм, - жаIэ Иринэ и лжьэгъухэм. - УакIэпылъпмэ, гу лъымытэнкIэ Іэмал иIэкъым абы и дежкъыщlэкIыжхэм я нэгур нэхъ зэIуха, гукъыдэж яIэ зэрыхъум. И лэжьэгъу гупми екIуу кьытхэтщ ар. Іуэху гуэркIэ убгъэдыхьакIэ унгъэщlэхьынукъым, дэтхэнэми гулыитэ кьытхуищlу, хуей хьумэ, чэнджэщлгъу кьытхэхьуу апхуэдэщ.

Шыкlалъашэм и лэжьыгъэфlым хуэфащэ пщIэи игъэтащ, абы мыяз-мытIэу щlыхь тхылъэр кьыхуагъэфэщащ. Ауэ езы Иринэ лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу кьиlэтыгъэ зыкIэлъыплъ бзылъхугъэхэм кьыхужаIэ псалъэ гуапэхэрщ, кьыхуащ фlыщIэрщ.

Иринэ и пхъунтIми гъэсэныгъэ дахэ яхилъхьащ, хабзэ, щмыс яхэлъу апхуэдэхэщ. Хьыджэбз ныжьыкlыж Лимэ и анэм и лъэужьми ирикIуэжащ - ар медицинэ щlэныгъэхэм я кандидатщ, КъБКъУ-м и егъэджакIуэщ, Диану экономистщ, «Спутник» фирмэм бухгалтер нэхъыщхьэу щолажьэ.

Иринэ и сабэп зэкlэ псоми кьабгъэдэкlыу сохъуэху и щlэрэ и нэмысрэ льагэу, и бынхэм я гуфlэгъуэ ильа-гъуэу ильэс куэдкlэ и Іэнатlэм пэрытыну.

Бзылъхугъэм дежкlэ сабий игъэгъуным нэхъ гуфlэгъуэ, нэхъ льапIэ щыIэу пуд ящlат икIи клубым и унафэщlхэм футболеплъэхэр кьагъэгугъуэу щытащ уасэхэм хамыгъэхъуэжьыну. АрщхьэкIэ, нэгъабы хуэдэу, абонементхэм я уасэнщ сом 3000. Абонементыр билет зырызхэм нэхърэ нэхъ пуду зэрыщытын хуейр кьэпльытэмэ, хузбгъэфащэ хъунущ билет уасэхэри сом 250 - 300-м кьемыхьну. Ар куэдым кьатехьэлъэнущ икIи ди командэм и унэм щригъэжIуэкI зэIущIэхэм кьыщыдэщlын имыгъэутыкьжыр шынагъуэщ.

Кьищынэмыщlауэ, 2008 гъэм и абонементхэр зиIэжхэм ахэр кассэм ирагъэльагъуэ, дызыхуэкIуэ гъэ джэгугъуэм и абонементыр процентэ 10-кIэ нэхъ пуду кьращэнущ икIи саугъэт щыкIуэкI кьратынущ.

Абонементхэр щащэнущ «Спартак» стадионым. Фыщlэущlэ хъунущ мы телефонымкIэ: **47-35-20.**

● Спорт

Футболеплъхэм я гукъеуэ

«Спартак-Налшык» футбол клубым хьыбар кьыхэзрыдигъэщlамкIэ, 2009 гъэ джэгуГъуэм «Спартак» стадионым щекIуэкIынущ зэIущIэхэм уэрэхьэн абонементхэр ящlэнущ мазаем и 2-м кьыщыщIэдауэ.

БИЛЕТ уасэхэр зэрыльъапIэм кьыхэкIкIэ, нэгъабэ стадионым кьекIуалlэхэр куэдкlэ, нэхъ мащlэ хьуауэ щытащ. Ар кьальытэри, 2008 гъэ джэгуГъуэм и кIэм билет уасэхэр нэхъ тэнрэ кьимыщlэнрэ.

- Дэ Іуащхьауэр нэхъ гъунэгъуэ зздгъэщIыхуну дыхуейуэ аращ, адэкlэ унафэ пыухьыкIа тетщIыхьынщ, - жиIащ «Тэрч»-м и тренер нэхъыщхьэм.

- Шэщэным и командэр Кьэжэрым кIэлъыплъыну хуейщи, апхуэдэ Іэмал еттащ. Ди командэм хэту щlалэщlэр гуп нэхъыщхьэм и гъусэу джэгуплэ губгъуэм куэдрэ кьыхьакъым. Дауи, Назир нэхьыбэIуэрэ джэгуну хуейщ, ар кьэтлъыгэри, хуит тщlащ Іуащхьауэр иригъэфIэкIэуну. Гъуащхьауэр командэщlэм и тренерхэм дгу ирихьэ, абы теухуауэ «Тэрч»-м дыгуфlэнущ, - жиIащ «Спартак-Налшык»-м и спорт унафэщl Зарущкий Александр.

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Денисенкэ Василий жиIащ боксер ныбжьыщlэхэм зэхъэзэхуэхэм фIыуэ зэрызыхуэтлъэхьэзырар. Апхуэдэу фIыщlэ хуищlащ зэпеуэр кьызэгъэпэщыным мылъкуКIэ сэбэп кьахуэхьуа «Югория» компанием и унафэщl Бесльэней Аслъан.

Иджырей зэхъэзэхуэм щытекIуахэм щыщ КъБР-м и командэ кьыхэхам хэту Ипщэ Федерал щlыналъэм и чемпионат мазаем екIуэкIынум ягъэкIуэнухэр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Концедаловым и япэ топ

«Спартак-Налшык»-м идджыблагъэ ныбжьэгъуитlэ зэIущIэ дригъэжIуэкIащ Новороссийск и «Сибирь» командэм.

НАЛШЫКДЭСХЭР я хьэрэхуэрэгъуэм ефIэкIащ 2:1-уэ. Ди щlалэхэм ящlущу топхэр дагъэкlащ командэм бдэжьду кьиущтэжа Концедаловым и Шумейкэрэ.

«Спартак-Налшык»-м хэту япэу джэгуПIэ губгъуэм кьихьащ мы махуэхэм командэм и гъусэу Тыркум зыщlыщlагъасэ бразил гъащlэхъуэмэныкIуэ Леандру.

Къэжэрым «Тэрч»-м зыщегъасэ

Мы махуэхэм Тыркум зыщlыщlагъасэ Грозныи и «Тэрч»-м щыкIэльыплъыну ириджащ «Спартак-Налшык»-м и гъуащхьауэ Къэжэр Назир.

ИЛЪЭС 22-рэ зи ныбжь гъуащхьауэр «Спартак-Налшык»-м контракткIэ епхащ, арщхьэкIэ налшыкдэсхэм я тренерхэм ар хуит ящlащ Грозный Вячеслав и командэм и гъусэу махуэ 12-кIэ зигъэсэну. А зэманым кьриубыдэу зэхэкIын хуейщ Назир «Тэрч»-м кьищlэнрэ.

- Дэ Іуащхьауэр нэхъ гъунэгъуэ зздгъэщIыхуну дыхуейуэ аращ, адэкlэ унафэ пыухьыкIа тетщIыхьынщ, - жиIащ «Тэрч»-м и тренер нэхъыщхьэм.

- Шэщэным и командэр Кьэжэрым кIэлъыплъыну хуейщи, апхуэдэ Іэмал еттащ. Ди командэм хэту щlалэщlэр гуп нэхъыщхьэм и гъусэу джэгуплэ губгъуэм куэдрэ кьыхьакъым. Дауи, Назир нэхьыбэIуэрэ джэгуну хуейщ, ар кьэтлъыгэри, хуит тщlащ Іуащхьауэр иригъэфIэкIэуну. Гъуащхьауэр командэщlэм и тренерхэм дгу ирихьэ, абы теухуауэ «Тэрч»-м и спорт унафэщl Зарущкий Александр.

Къэбэрдей-Балкъэрым и щIыхьыр зыхъумэнухэр

«Налшык» спорткомплексым щекIуэкIащ 1993 - 1994 гъэхэм кьалъхуахэм боксымкIэ я республикэ зэхьэзэхуэ. Ар къыщрагъэпэщащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ боксымкIэ федерацэмрэ.

ЗЭПЕУЭМ кьрихьэлlащ республикэм и районхэмрэ къалъхэмрэ кьэнкIа спортсмени 100-м щIигъу. Махуэщlкlэ екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм щlбэна хьэлъагъхэм ельытауэ япэ увыпIэхэр кьыщахьащ Фочыщ Хьэсбиян (Тэрч куей), Малкандуев Залкуф, Будаев Ислъам (тIури Іуащхьэмахуэ районым щыщlэ), Гъуэтыж Ратмир (Аруан район), Тамбий Лолэ (Бахьсэн район), Кlыщ Залым (Щэджэм район), налшыкдэсэу Гаджиев Щамил, Нэгеров Мурат, Уэзэр Мухьэмэд, КIэрэф Астемир, Зыхьэ Хьэзрэт сымэ, Бегагаян Григорий (Прохладнэ къалэ), Бахьсэн щыкуэу Атабиев Ахьмэт, КIэкIуэ Мухьэмэд.

Республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэм ехьэхьэлlащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр Афlэунэ Аслъан, республикэм боксымкIэ и федерацэм и президент Щоджэн Мухьэмэд.

Іуэхутхьэбзэщlэ

Я нэгу зрагъэужьыну цыхухэр зы щlыпlэ зэрыкlуэнум и Іуэхухэр кьахуэзгъэпэщыным и мызакъуэу, «Кариа тур» Іуэхущlапlэм сыт хуэдэ хьэльи дэнэ щlыпlи зэрыгъэпхъуэнущ. Турфирмэм и автобусхэмкIэ сыт хуэдэ хьэльэри узыхуей кьалэм пхуашэнущ пlалъэ кlэщlым кьриубыдэу. Апхуэдэ Іу эхутхьэбзэм и уасэр ельытащ ягъэIэпхъуэ хьэлъэм и куэдагъым, и инагъым. Ар дэтхэнэми езым кьыхуэзбжьынущ, заказым и щlыхьэт тхылъхэр щитхкIэ. Іуэхущlапlэм, «навигационная система» жьхуэIэ зэрэIэм и фlыгъэкlэ, ягъэIэпхъуэ хьэлъэм фи нэIэ сыт щыгъуи фхутегъэтынущ.

«Кариа» турфирмэм Іуэхутхьэбзэ зыхуилъэжа псоми компанием и дисконтнэ карт я иретI Іуэхутхьэбзэм пэкIэ Іуэсэм и процент 15-р ахьыщу абы и счетым хальхьауэ. Фирмэм Іуэхутхьэбзэ иригъэлъэгъуэнкIэ цыхухэм кьекIуэлIэну, а счетым иджыри процент 15-р хагъэхьэнущ. Апхуэдэущ зэхуэфхьэса бжыгъэр ирикъунэ, дисконтнэ картэмкIэ фирмэм ихьэ Іуэхутхьэбзэм и уасэр епткъэхунущ.

Іуэхущlапlэм и автобускIэ гъуэгу утетмэ, махуэм тIэу уагъэшхэнущ, уемыжьэ щlыкIэ кьыхэпхэ ерыскьыкI пхуагъэхьэзырурэ. ИкIи абы щхьэкlэ билетым и уасэр нэхъ льапIэ хъуркъым.

«Кариа» турист фирмэм сыт хуэдэ Іуэхущlапlэми и лэжьакIуэхэр тынщу нишэсхьфынущ семинар, конгресс, нэгъуэщl зэIущIэхэр щекIуэкI щlыпlэм, Іуэхущlапlэм и кьудамэхэм щылажьэ псори Урысейм и сыт хуэдэ зы кьали щlэзэхуищэсыфынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Жылаеэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешщlапlэ и къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущlапlэхэм я адлъэкъэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщlэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-40-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Мы къыдэжьыгъуэм елъытыгъэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къашнокъуэ Эльдар**, редактору **Ширдий Маринэ**, корректорхэр **Щоджэн Инир** *(1,3-нэ пп.)*, **Табыш Динар** *(2,4-нэ пп.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящlащ:* **Щакlуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэрэтыщIы* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуазэ сыхьэт 22.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №276